



Videyo: Pwosesis AKTIVITE

Lakou
Kajou

www.lakoukajou.ht


1. **Fabrike jwèt.** Mande timoun ou a reflechi sou fabrikasyon jwèt ak bagay ki sèvi deja epi swiv yon pwosesis. i) Imajine sa yo ka fè, ii) Fè yon plan, iii) Rasanble zouti ak materyèl, iv) Kreye, v) Amize ak jwèt la. Kèk egzanp bagay ki ka sèvi: woulo papyè twalèt, fil pou cheve epi kreyon pou desinen figi pou fè ti poupe; boutèy plastik ak bouchon pou fè ti machin; bwat fè blan ak fisèl pou fè telefòn, eks.

2. **Moulen Van.** Avèk yon moso papyè kare, yon ti klou, sizo ak yon ti baton, fè yon moulen van.


i. Pran yon moso papyè kare. (Papyè a ta dwe pwès, si sa posib.)



ii. Pliye li an mwatye, kwen pou kwen 2 fwa, epi ouvè li ankò.




iii. Kòmanse nan chak kwen, koupe sou liy pliye yo, monte nan direksyon sant lan, rive nan yon tyè longè a.



iv. Pliye tout pwent yo rive nan mitan an.



v. Pike ti klou a lan nan mitan pou tache 4 pwent yo ak ti baton an (Asire ou ke gen plas pou papyè a vire sou klou a.)



vi. Kenbe bwa a dwat. Soufle nan youn nan "pòch" zèl yo pou moulen an vire.

3. **Teyat emosyon ak santiman.** Di non yon emosyon epi mande timoun nan fè sanblan li gen emosyon an (tankou pa egzanp: kontan, sezi, fristre, eksite, pè, tris, move, gaye).

4. **Desen santiman ak emosyon.** Mande timoun nan desinen moun ki gen santiman oubyen emosyon diferan. Pale sou desen yo ak timoun nan pou montre jan chak moun ilistre santiman yo. Afiche desen yo nan kay la.

5. **Fè kolaj fòm ak koulè.** Dekoupe diferan fòm (tri-ang, kare, sèk) ak papye koulè oubyen papye bonbon ak kado ki fin sèvi. Kwit yon ti farin nan dlo pou fè lakòl. Mande timoun nan kreye desen ak fòm yo (flè, lapen, kap).

